*Ассаламу гIалайкум!*

# ГЪУДУЛЛЪИ

№45-46
( 9495-9496)

2013 соналъул
**15 июнь**

*ЩАМАТ*

*БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА*




## БАЙРАМ КIОДО ГЬАБУНА




12 июналъ, Россиялъул къо кIодо гьабун, нилъер районалъул аслияб майданалда тIобитIана культураялъул ва библиотекаялъул



хIалтIухъабаз гIуцIараб тадбир. Гьелда гIахьаллъи гьабуна реабилитационный централъул лъималацаги.

Миллиял кьурдаби рихьизари гуребги, лъималацаахIанава цIалана ВатIаналдегун гьудуллъиялде гьарурал кучIдул. Тадбиралде рачIун рукIана районалъул администрациялъул жавабиял хIалтIухъаби, гIолохъанаб гIел ва гIадатияб халкъ.

Байрам баркун хитIаб гьабурав районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель ГIабдулдибир ГIабдулдибировас районалъул нухмалъулезул, районалъул собраниялъул ва жиндирго цIаралдасан баркана байрамкъо, гьарана киназего сахлъи, талихI, рохел ва даимаб рекъел.

Гьединго,байрамкъо кIодогьабун районалъул спроткомплексалда тIобитIана мини-футболалъул рахъалъ районалъул чемпионат. Турнир гIуцIана районалъул администрациялъ ва Болъихъ ДЮСШялъ.

Гьединан гьудуллъиялъул ва рохалил ахIвал-хIалалда .киназулго ракIазулъ лъалкI хутIуледухъ, ана байрам.



*Ж.АХIМАДУДИНОВА.*



## БАРКУЛА!



Райбольницаялъул родильнияб отделениялъул заведующая Шодрода росулъа Шанисат ТIагьировалъе кьуна «ДРялъул мустахIикъай тохтур» абураб хIурматияб цIар.

РакI-ракIалъ баркула Шанисатида гьелъул ракIбацIцIадаб хIалтIуе кьураб тIадегIанаб кьимат.

Ш. ТIагьировалъул хIакъалъулъ материал цебе цеца хадусел номеразда кьезе буго.

## РЕШЕНИЕ

**четырнадцатой сессии Собрания депутатов муниципального района «Ботлихский район» пятого созыва от 13 июня 2013 г.**

**О внесении изменений в решение Собрания депутатов муниципального района «О районном бюджете МР «Ботлихский район» на 2013 год и на плановый период 2014 - 2015 годов» от 28 декабря 2012 г №3»**

Рассмотрев представленный главой администрации МР «Ботлихский район» проект решения «О внесении изменений в решение Собрания депутатов муниципального района «О районном бюджете МР «Ботлихский район» на 2013 год и на плановый период 2014-2015 годов», от 28.12.2012 года № 3 Собрание депутатов муниципального района решает:

1. В связи сокращением фонда финансовой помощи муниципальному району в сумме 29855 тыс. рублей и субвенции (Госстандарт) в сумме 8073 тыс. рублей, внести изменения в решение Собрания депутатов МР «Ботлихский район» на 2013 год и на плановый период 2014 -2015 годов» от 28 декабря 2012 г. №3 согласно приложений №№1, 2, 3.

2. Опубликовать настоящее решение в районной газете «Дружба».

**Глава муниципального района**
**М. Патхулаев**

# «ВУССУНАРЕБ САПАРИЩ ДУЦА БУХЬАРАБ?..»

## *Тахиде вахиналъул тарих...*

«МахIачхъалаялъул бетIер Саид Амиров цIех-рехалъул идарабаз, чи чIваялъул гIайибги гIунтIизабун, жанив тIамун вуго» абураб цIияб хабар букIине буго Дагъправдаялда, РИА «Дагъистаналда» яги пачалихъалъул газетаздаян нилъеда лъагIелалъ цебе абуни,



нилъ кIарун релъилаан. Релъилаан моцIалъ ,цебе абуниги. Щив гьелда божилаан?

ХIабургъарал 1990 абилел соназул байбихьуда республикаялъул политикаялде вачIарав гьев чияс къого соналдасаги цIикIкIун заманаялъ жиндир цIар бахъарабго цIорораб гIетI балеб хIалалъ хIинкъизабун чIезабун букIана тIубараб Дагъистан.

Ункъоялда анцIабилел соназул байбихьуда Амиров вачIана вице-премьерасул хъулухъалде. Гьеб букIана биххараб обкомгун нилъер МухIуги хутIун МухIамадгIалица тIалъи босараб заман.

Парламенталда Саид Амировасул такъсиразулги коррупциялъ кунеб цIияб властаялъулги бицун цеве вахъунев вукIана тохтур ва депутат Сулейманов МухIамад. Гъоркьоб заман инелде Казбековасул къотIнов вахIшияб хIалалда чIвана гьев.

Гьеб букIанин абизе бегьула Дагъистаналда ккараб тIоцебесеб политикияб чIвайхъвей.

Хадур чIвана «Дагъводстроялъул» нухмалъулев Тотурбиев, дармил министр Багьавудин ХIажиев. 1996 соналъул риидал,, минфиналъул минаялъул кIалтIа, къвагьизавуна доб заманалда цIакъ машгъурав чи ХIамид ХIамидов.

Живго Саид Амиров гьел соназда халкъалда лъалароан, гьев вукIана рагIдукь чIарав ва вихьулареб бакIалда вукIун ишал гьарулев чи

Гьел рукIана цIакъ квешал сонал Дагъистаналъе. Экономикияб рахъалъ накабазде ккей гуребги, тIегъалеб букIана такъсирчилъиги. Иномаркабазда рекIарал бандиталги тун, базаралда бабушкабазда тIаделъун рукIунаан милицаби. Халкъ букIана мискинго.

**Ширухангун Амиров ва миллат бичаразул читIир**

1998- абилеб соналъул хасало рукIана , тарихалда тIоцересел, МахIачхъалаялъул мэрасул рищиял. РагIдукь вукIун тIуваларин, щобде вахана Амиров. Гьеса данде кандидатураго лъезе хIинкъулел рукIана киналго. Кандидатура лъун цеве вахъана Гумбет районалдаса гIолохъанчи автоколоннаялъул директор Ширухан ХIажимурадов. Амировас бабадулаго кагътидаса мухъал цIалулеб мехалда гьев гъалатI гьечIого лъикI гIурус мацIалда кIалъалев вукIана. «Нагагь вищани дуца сундаса байбихьилеб?» абураб суалалъе гьес жаваб кьуна: «Резинадул чакмабиги ретIун, киналго подвалазул халги гьабун, ЖКХ цIигьабизе байбихьила» - ян. Гьеб букIана нужеца вищулев чиясда къватIиве вахъине ва чакмабиги ретIун подвалазул хал-шал гьабизе кIоларин абураб пикру. Гьеб хIунсиларищха гIалам сорозабулев Амировасдаги. Ширухан цевехун магIарулазда лъалев чи вукIинчIо, гьесие гьаркьал кьолел рукIана гIицIго Амировасда данде кандидатура лъезе бихьинчилъи гIеялъухъ магIарулазул патриотаз, чорхолъ лагъ гьечIел, бихьинал, эркенал гIадамаз.

Рищиязул заман тIаде гIагарлъигун,магIарулазул машгъурал чагIи тIамуна Амировас, цо-цо ккун кабинеталъуреги ахIун, жиндир рахъалъ кIалъазе. Хасго гьеб рахъалъ кутак гьабуна хундерил ва гъунисезул «интеллигенциялъ». Халкъалъ гуребха, гьел машгъуралин рикIкIунел гIадамаз. Шируханил бергьине кIудиял ресал гьечIолъи якъинго лъалеб бугониги, рагъун гьесул рахъ ккуна Расул ХIамзатовас, Рамазан ГIабдулатIиповас, Суракъат Асиятиловас ва Сайгидпаша ГIумахановас. Волк-Хангун Эсенбулат МухIмадовги рукIана Ширухангун дандчIваял гьарулел.

Квешго магIарулазда гьоркьоб къадру хвана, Амиров веццун цеве вахъиялъ, Россиялъул БахIарчи МухIамад ТIолбоевасул.

ХIасил калам, «миллат бичаразул читIирги гьабун», рештIана Амиров мэрасул тахбакIида.

**«Президентал рачIуна, уна, Амиров хутIула…».**

Гьелдаса нахъе, гьаб соналъул 1 июнь бачIинегIан , Амиров вукIана республикаялда бищунго кIудияб кверщел бугев чи. ВачIанщинав президент гьес аслияб майдан къотIун векеризавулаан. МахIачхъалаялда тIибитIараб пикру букIана: «Президентал рачIуна, уна, Амиров хутIула»,- абураб.



Исана январалъул ахиралда Дагъистаналъул политикияб гIумруялъулъ ккана кIудияб хиса-баси, ракIалдаго гьечIого хъулухъалдаса ана МухIамадсалам МухIамадов. Гьев хисун вачIана Рамазан ГIабдулатIипов. Даим мухIканав ва хъачIго кIалъаларев Рамазанил бакIалда батIияв чи вачIараб гIадаб асар лъугьана.

«ЧIвадарухъабазулги, ришватчагIазулги, цIогьазулги заман ана, дун вачIун вуго гьеб киналъего ахир лъезе, тавбуги гьабун битIараб нухде вачIарасе рахIму букIина, хутIаразухъ туснахъ балагьун чIун буго» .ГIага-шагарго гьединаб букIана пикру кIалъаялъул. Рамазаница байбихьана бищунго гIадамазе рагIизе бокьараб, кього соналъ халкъ уръун букIараб калам гьабизе. Халкъалъул бижана хьул гьес Дагъистан хвасар гьабилин. Байбихьана бакIазда районазул бутIрул хисизе. Хьул бугониги тIубанго божилъи букIинчIо гIадамазул иш рагIалде бахьилин. Цоцояз абулеб букIана: «жинда дандбитIун майданалда бищунго кIудияб квешлъиги тун, ав ЦIунтIагун БежтIа щибулев», - илан.

**Президент ва вертолет**

ХIасил калам, лъица кин биcаниги ахираб къого соналъ Дагъистаналъул шекъер ккураб кверaлдаса халкъ ва республика тархъан гьабиялъул цIарги-рецццги Рамазан ГIабдулатIиповасе хутIичIого рес гьечIо. Гьесда кIвана тарих хисизабизе, гьесда кIвана батIияб нухдаса ун Дагъисталъе хвасарлъи гьечIин Москваялда бичIчIизабизе, гьесда кIвана анцI-анцI сонаца криминалиябги, политикиябги, нухмалъиялъулги зулмуялъукь букIараб республика хвасар гьабизе.

Дица сон интернеталда цIалулеб буго цо гIурусас хъвараб макъала. Гьенир руго гьадинал мухъал: «Перзият Багандова была долгие годы в республике третьим человеком по влиятельности…».,-абун. ТIоцебесеб бакIалда херав, пенсиялде ун къого сон гIурав МухIамадгIали, кIиабилев – коляскаялдаса вахъине кIоларев Амиров, лъабабилей - пенсиялъул ригьалда йигей Перзият.

Гьеб лагълъиялъул, инжитлъиялъул ва рогьоялъул хомуталдаса хвасар гьабуна Рамазаница миллатги Дагъистанги. Диеги рекIее гIолароан цо-цо гьесул галаби, хасго кадровияб политикаялъулъ, амма МахIачхъалаялъул майданалда вертолет рештIаралдаса нахъе дир хасаб хинлъи ва лъикIаб бербалагьи бижана вертолеталдехунги,(цебебокьуларoан) , президент хIисабалда ГIабдулатIиповасдехунги.

**МухIамад БисавгIалиев,**
***«Миллат» газеталъул редактор.***

# Къо-мех лъикI, «Солнышко»

Микрорайоналда бугеб «Солнышко» ясли-ахалъул азбар гIодоркъоязгицин бер чIваразул ракIал рохизарулеб хIалалда бацIцIа-бакъадго букIуна.



ГIатIидаб азбаралда ругел гIиссинал хIавузазги, бакI-бакIалда рихьулел маргьабазулъ гIадинал, кIихIатIилал рукъзазги цебе тIамизабула киназего гIагараб ва гьебго заманалда рикIкIадаб, лъимерлъи…

Араб анкьалъ батIаго кIудияб чIаголъи букIана гьениб. Азбар берцин гьабун бугоан кьеркьерал шариказдалъунги батIи-батIиял гIаламатаздалъунги. Улбулги лъималги, бадиб рохелгун, гIедегIун унел рукIана садикалъул кIалгIаялде жанире.

ГьитIичал жанир ругеб рукъалъул хIисаб гьабидал, гIицIго расандулеб гуребги, лъаялде нуцIби рагьулеб бакI букIинги бихьулеб букIана гьеб. Гьезие хIаязе хасаб букIонги тун, гIуцIун ругоан партаби, цебе лъун бугоан доска. Гьелъги бицунеб букIана школалде иналъе лъимал хIадурун рукIин.

Гьебго заманалда азбаралда, борхатаб гъотIода гъоркь, садикалъул выпускникал рачIиналъе гьабулеб букIана кIудияб хIадурлъи. Гьел гIодор чIезе хIадурун рукIана тIад лентабиги рухьун бакIал, кIалгIаялдасан гьенибе щвезегIан тIамун букIана тIанса. Музыкалияв руководитель НурмухIамад НурмухIамадовас хIайранго бачунеб бакъаналда гъоркь, жибго подиумалдасан киниги, лъаб-лъабккун рачIунел рукIана гьел. Нухлул кIиябго рахъалда, кодор маккалги ккун, рахъун чIун рукIарал цо-цо выпускникалги гьезулго кьерда хадур ана.




Гьеб тадбир рагьана НурмухIамад НурмухIамадовас.

-Гьалеха тIаде щвана садикалдасан нужер гьитIичал къватIире риччалеб рохалилаб къо, къабул гьаре нужерго гьитIичал!-иланги абун, гьес лъималазе ихтияр кьуна кьурдиялдалъун тадбир рагьизе.

Лъималазул берцинаб кьурдуцаги гьезул гьурмазда кунчIараб рохалицаги сверухълъиялъего цо гIажаибаб чIаголъи кьолеб букIана.

Гьезул церерахъиналдаса хадур цере ахIана лъималазул воспитателал Къурбанова Мадина ва ХIажиева Шарузат.

Гьез нухда бачана байрамалъулаб программа. Берцинаб кочIол мухъаздалъун лъималазе гьари-рахьиги гьабун, гьитIичазе ихтияр кьуна, нилъер гьаниб гIадатлъун лъугьун бугеб, вальс кьурди гьабизе.

Иргадал садикалде ва воспитателазде гьарурал кучIдул цIалана ва ахIана гьитIичаз. «Цветок» абураб кьурди сайгъат гьабуна садикалъул заведующая Загьра Къурбандибировалъе. Кьурдуца сагьвил гьаюрай Загьра йигьиналде, тIугьдузул корзинаги босун, рекерун ана лъимал гьелда аскIоре.

Лъималазул церерахъиналъ балагьаразул ракIал асир гьаруна.

Выпускниказе саламги кьун, малъа-хъваял гьаруна садикалъул заведующая Загьра Къурбандибировалъги.

-ХIурматиял улбул, баркула нужеда гьаб рохалил байрам. Нижер лъимал руго бищунго берциналги, лъикIалги, цIодоралги. Хириял гьитIичал гьалеха ункъабго соналъ цадахъги рукIун, школалде ритIулел руго нуж. Гьарула нужее сахлъиги, талихIги цIалулъ чIахIиял бергьенлъабиги.Адаб гьабе чIахIиязул, тIалаб гьабе гIиссиназул.

Хадуб Загьраца гьезие кьуна дипломалги сайгъаталги.

Лъималазул гьабураб тIалаб-агъазалъухъ баркалаги кьун, кIалъазе яхъана ХIажиева Илаайна.

-РакI-ракIалъулаб баркала буго нужее улбузул рахъалдасан гьаб ункъабго соналъ нижер лъималазе гьабураб хъулухъалъухъ. Къабул гьабе нижер рахъалдасан гьитIинабго сайгъатги,-йиланги абун, гьелъ сайгъаталдалъун загьир гьабуна жидерго разилъи.

Балагьаразул рекIее кIудияб асар гьабуна лъималазги улбузги цадахъ гьабураб лезгинка кьурдиялъ.

Аваданаб ахIвал-хIалалда ва киналго разияб хIалалда ана гьеб рохалилаб тадбир.

*З.МУХIАМАДОВА.*

## ЛЪИМАЛ ХIУХЬБАХЪИЗЕ РИТIАНА

Районалъул администрациялъ исанаги тIадегIанаб даражаялда гIуцIана Гъуниб, Советск районазде, Манас поселокалде ва цогидалги бакIазде хIухьбахъизе лъимал ритIиялъул хIалтIи.

УСЗНалъ рес гьечIел хъизаназдаса 100 лъимералъе лагеразде чIобогоял путевкаби кьуна.

Гьединго, ГIолилазулгун хIалтIул рахъалъ райадминистрациялъул отделалъул линиялдасаги ритIана гIемерал лъимал Нальчикалъул ва Пятигорскиялъул курортаздегун санаториязде.

Лъимал транспорталда дореги нахъеги раччиялда хурхарал харжазул суал райадминистрациялъ жиндего тIаде босана.



# Решение

четырнадцатой сессии Собрания депутатов муниципального района «Ботлихский район» пятого созыва от 13 июня 2013 г.

**«Об утверждении отчета об исполнении бюджета МР «Ботлихский район» за 2012 год»**

В соответствии с Бюджетным кодексом РФ, Уставом муниципального образования «Ботлихский район», Положением о бюджетном процессе в муниципальном образовании «Ботлихский район», Собрание депутатов муниципального района «Ботлихский район» решает:

1. Утвердить отчет об исполнении бюджета муниципального района
«Ботлихский район» Республики Дагестан за 2012 год:

1. 1по доходам в сумме **699460,3** тыс. рублей, в том числе:
   - собственные доходы -29133,3
   - фонд финансовой поддержки -241334,0
   - фонд компенсации (субвенции) -367961,6
   - субсидии -9079,1
   - иные межбюджетные трансферты- 52220,0
   - Возврат остатков субсидий, субвенции и иных межбюджетных трансфертов, имеющее целевое назначение, прошлых лет- -267,7
   - переходящие остатки на 01.01.2011 год 21873,6

1.2 по расходам в сумме **676942,9** тыс. рублей. в том числе:

1.2 по расходам в сумме **676942,9** тыс. рублей.
в том числе:

| № п/п | Наименование расходов | Уточненный бюджет | Фактическое исполнение | Результат % | Отклонение(+-) |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | **Госуправление (0100)** | **49175,2** | **40954,7** | **83** | **8220,5** |
| 2 | **Национальная безопасность и правоохранительная деятельность (0300)** | **5232,9** | **5182,6** | **99** | **50,3** |
| | В.т.ч. Го и ЧС (0309) | 4658,2 | 4618,2 | 99 | 40 |
| 3 | **Национальная экономика (0400)** | **30505,4** | **29453,8** | **96** | **1051,6** |
| | В.т.ч. Сельское хозяйство (0405) | 3252,2 | 3252,2 | 100 | 0 |
| 4 | **Жилищно-коммунальное хозяйство (0500)** | **11964,0** | **3935,9** | **33** | **8028,1** |
| 5 | **Образование (0700)** | **482592,6** | **457583,8** | **95** | **25008,8** |
| 6 | **Культура и средство массовой информации (0800)** | **9368,8** | **9350,3** | **99** | **18,5** |
| 7 | **Здравоохранение (0900)** | **1462,1** | **520,1** | **35** | **942** |
| 8 | **Социальная политика (1000)** | **31647,5** | **29911,6** | **94** | **1735,9** |
| 9 | **Физическая культура и спорт (1100)** | **2476,8** | **2448,7** | **98** | **28,1** |
| 10 | **Средства массовой информации и печати (1200)** | **4398,8** | **4339,8** | **99** | **59** |
| 11 | **Перечисление бюджетам других уровней (1400)** | **105192,3** | **93261,6** | **88** | **11930,7** |
| | В.т.ч по разделу (0203, 0304) загс и ВУС | 1952,1 | 1952,1 | 100 | 0 |
| | **ИТОГО** | **734016,4** | **676942,9** | **92** | **57073,5** |

2. Опубликовать настоящее решение в районной газете «Дружба».

**Глава**
**муниципального района** **М. Патхулаев**

*приложение №3*
*)ешению С обрания депутатов*
*МР "Ботлихский район"*
*от 13 июня 2013г №3*

| Наименование МКУ | Код по бюджетной классификации | | | | | | **Уменьшит** | | Код по бюджетной классификации | | | | | | **Увеличить** |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | главы | раздела, подраздела | целевой статьи | вида расходов | операционного сектора | цели | Примечание | **Сумма** | главы | раздела, подраздела | целевой статьи | вида расходов | операционного сектора | цели | **Сумма** |
| АМР "Ботлихский район" | 001 | 0702 | 4219900 | 244 | 225 | | Ремонт пищеблока Ансалта СОШ | **150 000** | | | | | | | |
| МКУ Ансалта СОШ | | | | | | | Ремонт здания СОШ | | 400 | 0702 | 4219900 | 244 | 225 | | **150 000** |
| АМР "Ботлихский район" | 001 | 1003 | 5140100 | 323 | 221 | | Общество слепых | **12 000** | | | | | | | |
| АМР "Ботлихский район" | 001 | 1003 | 5140100 | 323 | 223 | | Общество слепых | **12 000** | 001 | 1003 | 5140100 | 323 | 226 | | **24 000** |
| МКУ ФОК | 480 | 1101 | 5129702 | 244 | 226 | | Прочие услуги | **68 000** | 480 | 1101 | 5129702 | 244 | 340 | | **66 000** |
| МКУ ФОК | 480 | 1101 | 5129702 | 244 | 223 | | Расходы по электроэнергию | **15 600** | 480 | 1101 | 5129702 | 242 | 221 | | **17 600** |
| АМР "Ботлихский район" | 001 | 1004 | 5052102 | 322 | 310 | | На приобретения жилья сыротам | **3 349 500** | 001 | 1004 | 5052104 | 322 | 310 | | **3 349 500** |
| МКУ Ботлих СОШ №2 | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 211 | | Из-за передачи автобуса на баланс МКУ Муни СОШ (з/плата) | **52 310** | | | | | | | |
| МКУ Ботлих СОШ №2 | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 213 | | начисление | **15 798** | | | | | | | |
| МКУ Ботлих СОШ №2 | 400 | 0702 | 4219900 | 244 | 340 | | ГСМ | **128 124** | | | | | | | |
| МКУ Ботлих СОШ №2 | 400 | 0702 | 4219900 | 851 | 290 | | налог на имущество | **16 060** | | | | | | | |
| МКУ Муни СОШ | | | | | | | В связи с принятием на баланс автобуса (з/плата водителю) | | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 211 | | **52 310** |
| МКУ Муни СОШ | | | | | | | начисление | | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 213 | | **15 798** |
| МКУ Муни СОШ | | | | | | | ГСМ | | 400 | 0702 | 4219900 | 244 | 340 | | **128 124** |
| МКУ Муни СОШ | | | | | | | налог на имущество | | 400 | 0702 | 4219900 | 851 | 290 | | **16 060** |
| АМР "Ботлихский район" | 001 | 0707 | 4310100 | 244 | 290 | | На проведение молодежного форума | **189 000** | | | | | | | |
| АМР "Ботлихский район" | | | | | | | На проведение молодежного форума | | 001 | 0707 | 4310100 | 244 | 222 | | **20 000** |
| АМР "Ботлихский район" | | | | | | | На проведение молодежного форума | | 001 | 0707 | 4310100 | 244 | 226 | | **110 000** |
| АМР "Ботлихский район" | | | | | | | На проведение молодежного форума | | 001 | 0707 | 4310100 | 244 | 340 | | **59 000** |
| МКОУ Алак лицей | 400 | 0702 | 4219900 | 244 | 310 | 05 | В связи с введением штатной единицы подсобного рабочего | **60 992** | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 211 | 05 | **46 845** |

| | | | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 213 | 05 | 14 147 |
| МКОУ Анди СОШ №1 | 400 | 0702 | 4219900 | 244 | 310 | 05 | В связи с введением штатной единицы подсобного рабочего | 60 992 | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 211 | 05 | 46 845 |
| | | | | | | | | | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 213 | 05 | 14 147 |
| МКОУ Анди СОШ №2 | 400 | 0702 | 4219900 | 244 | 310 | 05 | В связи с введением штатной единицы подсобного рабочего | 60 992 | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 211 | 05 | 46 845 |
| | | | | | | | | | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 213 | 05 | 14 147 |
| МКОУ Ашали СОШ | 400 | 0702 | 4219900 | 244 | 310 | 05 | В связи с введением штатных единиц повара и подсобного рабочего | 121 984 | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 211 | 05 | 93 690 |
| | | | | | | | | | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 213 | 05 | 28 294 |
| МКОУ Ботлих СОШ №1 | 400 | 0702 | 4219900 | 244 | 310 | 05 | В связи с введением штатной единицы подсобного рабочего | 60 992 | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 211 | 05 | 46 845 |
| | | | | | | | | | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 213 | 05 | 14 147 |
| МКОУ Ботлих СОШ №3 | 400 | 0702 | 4219900 | 244 | 310 | 05 | В связи с введением штатной единицы подсобного рабочего | 60 992 | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 211 | 05 | 46 845 |
| | | | | | | | | | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 213 | 05 | 14 147 |
| МКОУ Годобери СОШ | 400 | 0702 | 4219900 | 244 | 310 | 05 | В связи с введением штатной единицы подсобного рабочего | 60 992 | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 211 | 05 | 46 845 |
| | | | | | | | | | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 213 | 05 | 14 147 |
| МКОУ Зило СОШ | 400 | 0702 | 4219900 | 244 | 310 | 05 | В связи с введением штатной единицы подсобного рабочего | 60 992 | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 211 | 05 | 46 845 |
| | | | | | | | | | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 213 | 05 | 14 147 |
| МКОУ Кванхидатли СОШ | 400 | 0702 | 4219900 | 244 | 310 | 05 | В связи с введением штатной единицы подсобного рабочего | 60 992 | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 211 | 05 | 46 845 |
| | | | | | | | | | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 213 | 05 | 14 147 |
| МКОУ Муни СОШ | 400 | 0702 | 4219900 | 244 | 310 | 05 | В связи с введением штатной единицы подсобного рабочего | 60 992 | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 211 | 05 | 46 845 |
| | | | | | | | | | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 213 | 05 | 14 147 |
| МКОУ Ортоколо СОШ | 400 | 0702 | 4219900 | 244 | 310 | 05 | В связи с введением штатной единицы подсобного рабочего | 60 992 | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 211 | 05 | 46 845 |
| | | | | | | | | | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 213 | 05 | 14 147 |
| МКОУ Рахата СОШ | 400 | 0702 | 4219900 | 244 | 310 | 05 | В связи с введением штатной единицы подсобного рабочего | 60 992 | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 211 | 05 | 46 845 |
| | | | | | | | | | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 213 | 05 | 14 147 |
| МКОУ Риквани СОШ | 400 | 0702 | 4219900 | 244 | 310 | 05 | В связи с введением штатной единицы подсобного рабочего | 60 992 | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 211 | 05 | 46 845 |
| | | | | | | | | | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 213 | 05 | 14 147 |
| МКОУ Тлохская СОШ | 400 | 0702 | 4219900 | 244 | 310 | 05 | В связи с введением штатной единицы подсобного рабочего | 60 992 | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 211 | 05 | 46 845 |
| | | | | | | | | | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 213 | 05 | 14 147 |
| МКОУ Хелетури СОШ | 400 | 0702 | 4219900 | 244 | 310 | 05 | В связи с введением штатной единицы подсобного рабочего | 60 992 | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 211 | 05 | 46 845 |
| | | | | | | | | | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 213 | 05 | 14 147 |
| МКОУ Кижани ООШ | 400 | 0702 | 4219900 | 244 | 310 | 05 | В связи с введением штатной единицы подсобного рабочего | 60 992 | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 211 | 05 | 46 845 |
| МКОУ Кижани ООШ | | | | | | | | | 400 | 0702 | 4219900 | 111 | 213 | 05 | 14 147 |
| МКУДО "Детсад" Аист" с. Ансалта | 400 | 0701 | 4209900 | 851 | 290 | | Налог на имущества | 30 000 | 400 | 0701 | 4209900 | 244 | 226 | | 20 000 |
| МКУДО "Детсад" Аист" с. Ансалта | | | | | | | | | 400 | 0701 | 4209900 | 242 | 221 | | 10 000 |
| МКУДО "Детсад" Радуга" с. Тлох | | | | | | | Прочие услуги | | 400 | 0701 | 4209900 | 244 | 226 | | 22 000 |
| МКУДО "Детсад" Чебуражка" с. Ботлих | | | | | | | Приобретение пожинвентаря | | 400 | 0701 | 4209900 | 244 | 310 | | 20 000 |
| МКУДО "Детсад" Чебуражка" с. Ботлих | | | | | | | Перестановка входных дверей (по требованию пожнадзора) | | 400 | 0701 | 4209900 | 244 | 225 | | 45 000 |
| АМР МКОУ Ботлих СОШ №1 | | | | | | | Строит пищеблока БСШ №1 | | 001 | 0702 | 4219900 | 244 | 310 | | 1 323 403 |
| АМР "Ботлихский район" | 001 | 0104 | 0020400 | 244 | 290 | | (на улучшение правовой культуры избирателей) | 100 000 | 001 | 0104 | 0020400 | 244 | 340 | | 10 000 |
| АМР "Ботлихский район" | | | | | | | (на улучшение правовой культуры избирателей) | | 001 | 0104 | 0020400 | 244 | 310 | | 90 000 |
| АМР "Ботлихский район" | 400 | 0702 | 4219900 | 244 | 225 | | На ремонт пищеблока и туалета БСШ№1 | 500 000 | | | | | | | |
| | | | | | | | | 5 675 256 | | | | | | | 6 585 659 |

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ

*14 июля 2013 года № 11 с. Кижани*

***О НАЗНАЧЕНИИ ВЫБОРОВ ДЕПУТАТОВ СОБРАНИЯ ДЕПУТАТОВ МО «село КИЖАНИ»***

В соответствии со ст. 12 Закона РД «О муниципальных выборах в Республике Дагестан» Собрание депутатов МО «село Кижани » постановляет:

1. Назначить на 08 сентября 2013 года выборы депутатов представительного органа МО «село Кижани».
2. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Дружба».

**Председатель Собрания депутатов**
**Ш. Омаров**

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ

*14 июля 2013 года № 11 с. Кванхидатли*

***О НАЗНАЧЕНИИ ВЫБОРОВ ДЕПУТАТОВ СОБРАНИЯ ДЕПУТАТОВ МО «село КВАНХИДАТЛИ»***

***В соответствии со ст. 12 Закона РД «О муниципальных выборах в Республике Дагестан» Собрание депутатов МО «село Кванхидатли » постановляет:***

1. Назначить на 08 сентября 2013 года выборы депутатов представительного органа МО «село Кванхидатли».
2. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Дружба».

**Председатель Собрания депутатов**
**М. Иманшапиев**

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ

*14 июля 2013 года № 11с. Тандо*

***О НАЗНАЧЕНИИ ВЫБОРОВ ДЕПУТАТОВ СОБРАНИЯ ДЕПУТАТОВ МО «село ТАНДО»***

В соответствии со ст. 12 Закона РД «О муниципальных выборах в Республике Дагестан» Собрание депутатов МО «село Тандо » постановляет:

1. Назначить на 08 сентября 2013 года выборы депутатов представительного органа МО «село Тандо».
2. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Дружба».

**Председатель Собрания депутатов**
**А. Юсупов**

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ

*14 июля 2013 года № 11 с. Зило*

***О НАЗНАЧЕНИИ ВЫБОРОВ ДЕПУТАТОВ СОБРАНИЯ ДЕПУТАТОВ МО «село ЗИЛО»***

В соответствии со ст. 12 Закона РД «О муниципальных выборах в Республике Дагестан» Собрание депутатов МО «село Зило » постановляет:

1. Назначить на 08 сентября 2013 года выборы депутатов представительного органа МО «село Зило».
2. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Дружба».

***Председатель Собрания депутатов***
***А. Рашидов***

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ

*14 июля 2013 года № 11 с. Чанко*

**О НАЗНАЧЕНИИ ВЫБОРОВ ДЕПУТАТОВ СОБРАНИЯ ДЕПУТАТОВ МО «село ЧАНКО»**

В соответствии со ст. 12 Закона РД «О муниципальных выборах в Республике Дагестан» Собрание депутатов МО «сельсовет Чанковский » постановляет:

1. Назначить на 08 сентября 2013 года выборы депутатов представительного органа МО «сельсовет Чанковский».
2. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Дружба».

***Председатель Собрания депутатов***
***И. Алиев***

**колонка прокурора**

# Колонка прокурора
# Оплата коммунальных услуг для жителей, не установивших приборы учета, будет поэтапно увеличена

Правительством России с 1 января 2015 года вводятся поэтапно повышаемые коэффициенты платы за коммунальные услуги с целью стимулирования установки приборов учета коммунальных ресурсов.

Коэффициенты будут увеличиваться на 10% каждые полгода и достигнут своего максимума к январю 2017 года – 60%.

Средства, полученные в качестве разницы при расчете размера оплаты за коммунальные услуги с применением повышающих коэффициентов, будут направлены на повышение энергосбережения.

Коммунальщики наделены правом устанавливать количество граждан, проживающих (в том числе временно) в занимаемом потребителем жилом помещении, в случае, если жилое помещение не оборудовано индивидуальными или общими приборами учета холодной, горячей воды, электрической энергии и газа, и составлять акт об установлении количества таких граждан.

Указанный акт в течение трех дней со дня его составления должен направляться исполнителем в органы внутренних дел и миграционную службу.

Кроме того, установлено право, а не обязанность потребителя, имеющего индивидуальный, общий (квартирный) или комнатный прибор учета, ежемесячно снимать его показания и передавать полученные показания исполнителю или уполномоченному им лицу не позднее даты, установленной договором, содержащим положения о предоставлении коммунальных услуг.

Начало действия документа, устанавливающего такой порядок определения нормативов потребления ЖКУ, (за исключением отдельных положений) – 27 апреля 2013 года.

**Д. Джабраилов,**
**и.о.прокурора района**

## НИЖЕР ГАРА-ЧIВАРИ

# ЖЕГИ БИЧIЧIУН ГЬЕЧIО МАГIИШАТИЯЛ НУХМАЛЪУЛЕЗДА

***Росдал магIишаталъул бищунго кIвар бугеб бутIалъун ккола хурухъанлъи. Гьелда бараб буго гIи-боцIухъанлъиги ва росдал магIишаталъул цогидал бутIабиги херетIей.***

***Чед гьечIони кечI букIунарин абухъего, хурухъанлъиялда гIезарулел продуктабазул бетIераблъун ккола тIощел. Гьелъги батила районалъул гьанжесеб нухмалъиялъ хасаб кIвар кьолеб бугеб хурухъанлъиялде. Амма магIишатазул цо-цо нухмалъулезда жеги тIубан бичIчIулеб гьечIо гьелъул кIвар.***

***Гьелдаги ва цогидалдаги хурхараб букIана нижер мухбирасул районалъул росдал магIишаталъул управлениялъул бетIерав агроном И. Ибрагьимхалиловасулгун гара-чIвари.***

***-Ибрагьимхалил, кинаб хIал бугеб районалъул росабазул гъутабазда хурухъанлъиялъул?***

-Цебесеб советияб заманалде дандеккун, районалда хурухъанлъи гIезегIанго нахъе ккун буго, бекьулеб ракьул гIатIилъиялъулги ва гектар хIисаб гьабун бакIарулеб тIощалил къадаралъулги рахъалъ. Доб заманалда цо гектаралдасан гьоркьохъеб хIисабалда районалдаго 27 центнер бакIарулеб букIана ва рекьиги гьабулаан 2 азаргоялдасанги цIикIкIун гектаралда. Живгоги агроном вукIиналь батилаха, районалъул гьанжесев бетIер М. ПатхIулаевас хасаб кIвар кьолеб буго районалъул хурухъанлъиялде ва гьеб рахъалъ жавабчилъи борхизабун буго магIишатазул нухмалъулезулги.

Гьединан, араб соналда тIощалие рекьи гьабун букIана 1300 гектаралда. Гьанжесеб заманалъул цересел соназде дандеккун 300-400 гектараль цIикIкIун буго гьеб. Щибаб гектар хIисаб гьабун пурчIинадулги ролъулги щвана 22 центнер. ГIандадерие щвана 27 центнер, хелкьадерие-25.

Исанасеб тIощалил бачIиналъе ракь бекьун буго 1200 гектаралда. Гьедин дагьлъиялъе гIилла буго бекьун букIараб 100 гектар хьонал хьачIого хутIи.

Гьел хьонал гIезарулел рукIана Хелекьури росдал колхозалъ. Гьанжесеб захIматаб заманалда гьездаги гьеб бажарулеб гьечIо.

***-ГIаммаб къагIидаялда тIощалие бекьулеб ракь дагьлъулебго дагьлъулеб букIиналъе гIиллаби кинал ругел?***

-Доб советияб заманалда 2200 гектаралда рекьулаан районалда тIощалие культураби. Гьеб къадар дагьлъиялъе тIоцебесеб гIиллалъун ккана СССР биххарал соназул байбихьудаго районалъул нухмалъиялде ккун рукIараз колхозаздехун тIаса-масагояб бербалагьи гьаби. Колхозалгун совхозал риххизе тей гуребги, гьезул нухмалъулезе гIаммаб магIишат бикъахъамиялъе рес кьей. Гьел магIишатазул хIакъикъиял бетIергьабилъун кколел росабазул тIолалго жамагIатазул тамахлъи, ургъел гьечIолъи ва жидецаго гIетI тIун гIуцIараб ва гIезабураб гIаммаб буголъи пана гьабулезде рагIи абизе кIвечIолъи яги бокьичIолъи. КIиабилеб гIиллалъун ккола цо-цо росабазул колхозазул нухмалъулез росдал магIишаталъул техника жидеего пайдаялъе бичи. Гьединго районалъул букIараб пачалихъияб МЖС бихха ва гьеб хасав чиясул бетIергьанлъиялде ккей…

Жакъа нильер магIишатазе цIакъго хира чIолеб буго къватIиса техникаги ккун рекьи гьаби. Масала, гектар бекьиялъухъ босулеб буго 2000 гъурущ, гIерекъ хъуриялъухъ-1500 гъурущ, хьон хьан-500 гъурущ, хьодухъ 3750 гъ., бекьараб ракь къвакIизабун-500 гъ., тIощел бакIарун-1500 гъ.. Кинабго унеб буго 8-9 азарго гъурущ.

Лъабабилеб гIиллалъун ккола магIишатазул нухмалъулезда тIощалил кIвар бичIчIине бокьунгутIи гуребги, гьеб гIезабизе гIоло захIмат баччизе бокьунгутIиги.

Ункъабилеб гIиллагIага-шагарго жидежидер хасал тIалабал тIуразариялъе гурони, магIишатал церетIезаризеги ва гьел росабазе пайдаяллъун гьаризеги гьел нухмалъулезе бокьунгутIи.

***-ТIощел гIезабулел ракьал цIикIкIинаризе ресал ругищ нильер магIишатазул?***

-Руго. Районалдаго дандбан гьеб ракь 1800 гектаралде бахинабизе рес буго. Масала, ГIанди, РикIвани, Гъагъаль, АнсалтIа, Зило, Инхело росабазул СПКязул ресал руго рекьулел ракьал 20-30 проценталь цIикIкIинаризе. Гьелъие къваригIуна гьезул нухмалъулезул жавабчилъиялъулаб хIаракатчилъи.

Районалъул ракьал тIощел гIезабиялъеги ва гьелъул къучIалда гIи-боцIухъанлъи церетIезабиялъеги хIалтIизариялъе кумек букIинаан районалъул магIишатазда гьоркьосеб МЖС гIуцIиялъе тадбирал гьаруни. Масала, гьелде унеб буго Гумбет район. Жакъа гьез гIуцIараб МЖСалда буго росдал магIишаталъул батIи-батIияб техникаялъул 10 единица. Гьеб техника босиялъе кумек гьабулеб буго райадминистрациялъ. Гьединго, букIине кколеб куцалда тIубан гьечIо рекьарал ракьал лъалъазе гIураб лъим букIиналъул суалги. Гьеб суалалда сверухъ хIалтIи гьабулеб буго районалъул бетIер М. ПатхIулаевас.

Амма гьанибго абила, республикаялъул нильер мадугьалихъ ругел районазде дандеккун, нильер районалда лъикI буго бекьулеб ракьул къадар цIуниялъул иш. Гьезул гIемерисел магIишатал рачIунел руго харие гIемер соназул хурдул рекьиялде. Гьеб гьезие бигьаябги хайириябги букIунеб буго. ЛъагIалида жаниб чанго нухалъ рецулел гьел хурдузул харица гIезегIан жо щолеб буго гьезие. Гьеб нух хIалтIизабизехъин руго нильер магIишатазул нухмалъулелги.

Амма дицаго рахъ ккеларо гьеб къагIидаялъул. Щай гурого, тIощел гIезаби кколелъул кIвар цIикIкIараб масъалалъун. Гьеб гуребги, законалъги риччаларо рекьулел ракьал дагьлъизаризе.

Гьединабго тIалаб буго районалъул бетIерасулги.

***-Ибрагьимхалил, тIощел гIезаби гIадаб кIвар бугеб суалалде бичIчIигун балагьулел СПКязул нухмалъулезул цIарал рехселарищ?***

-Разиго рехсела. Гьел руго: хелкьадерил СПКялъул нухмалъулев ХIажимурад Назиров, гIалхъадерил -Шамиль ХIажиев, тIасдерил -ХI. ХIабибов.

Гьеб рахъалъ киназего мисалияв нухмалъулел руго гьел. Гьединан хIалтIизе кколеблъи жеги бичIчIун гьечIо магIишатазул киналго нухмалъулезда.

Инша Аллагь, районалда рахъина Гъагъалъа чураяв СадрулгIазим Бадуев гIадал тIощел гIезабиялда тIад свак гьечIого хIалтIулел хурухъаби. Жакъа гьечIони, метер жибго гIумруялъги тIалаб гьабизе буго гьеб нилъедасан.

***-Ибрагьимхалил, баркала лъикIаб гара-чIвариялъухъ.***

**Ш. ЛАБАЗАНОВ.**

# НАЛОГОВЫЕ УВЕДОМЛЕНИЯ ЗА 2012 ГОД

Для повышения эффективности работы налоговых органов в регионах России в текущем году применяется новый порядок направления уведомительных документов физическим лицам.

На территории всех муниципальных образований Республики Дагестан для физических лиц установлен единый срок уплаты налогов - транспортного, земельного, на жилое

и иное недвижимое имущество. К 1 ноября необходимо рассчитаться по этим статьям за 2012 год.

Вместе с квитанцией об уплате налога граждане сейчас получают бланк заявления

о наличии неточностей в полученном налоговом уведомлении, который, заполнив, можно отправить по почте или через Интернет в районную налоговую инспекцию.

В нынешнем году эта практика продолжится. Налоговые уведомления на имущество физических лиц и иные информационные письма жители Ахвахского, Ботлихского, Гумбетовского и Цумадинского районов получат и в этом году.

При этом в направляемых уведомлениях, требованиях об уплате или информационных письмах обязательно будет указываться конкретный налоговый орган, в котором налогоплательщик стоит на учёте (по месту нахождения недвижимого имущества или транспортных средств). Именно туда гражданин должен обращаться в случае необходимости уточнения налоговых сумм и иных данных.

Массовая рассылка единых налоговых уведомлений будет проходить в течение трёх летних месяцев. До этого налогоплательщикам необходимо сообщить о льготах

по имущественным налогам. Это позволит избежать в дальнейшем дополнительной переписки и излишних бюджетных расходов, связанных с направлением уточнённых налоговых уведомлений. В это же время будет осуществлена «выгрузка» налоговых уведомлений и квитанций на уплату налогов в «Личный кабинет налогоплательщика для физических лиц». Им может воспользоваться каждый, подключившийся к электронному сервису. Жителям, не имеющим пока такой возможности, рекомендуется получить

в любом налоговом органе логин и пароль для входа в свой «Личный кабинет:». Пользующиеся данной услугой могут самостоятельно распечатать платёжные документы и уплатить налоги в банке либо использовать безналичный способ оплаты. Из «Личного кабинета» можно также в электронном виде уточнить данные по объектам имущества или расчёту налогов, не посещая инспекцию.

# Объявление

**На основании распоряжений главы администрации МР «Ботлихский район» от 28.05.2013 г. №161-р и от 05.06.2013 г. №168-р на конкурсной основе путем проведения открытого аукциона проводится приватизация имущества, являющегося собственностью МР «Ботлихский район»**

- **ЛОТ№1** Автомобиль ВАЗ 212300-55 CHEVROLET NIVA, год выпуска 2011, государственный регистрационный знак М 606 ВМ, двигателя № 0364495, кузов № X9L212300B0351558, Стартовая цена – 204 000 рублей. Числится на балансе АМР «Ботлихский район»
- ЛОТ№2 Автомобиль ВАЗ 212300-55 CHEVROLET NIVA, год выпуска 2012, государственный регистрационный знак М747ВМ. двигателя № 0409804, кузов № X9L212300C0396293, Стартовая цена – 191 000 рублей. Числится на балансе АМР «Ботлихский район»
- **ЛОТ№3** Автомобиль HYNDAI SANATA. год выпуска 2002 государственный регистрационный знак Е 612 КО. двигателя № G4JS, кузов № KM8SB12BX2U197404, Стартовая цена – 20 300 рублей. Числится на балансе УСХ АМР «Ботлихский район»
- **ЛОТ№4** Автомобиль УАЗ 220692, год выпуска 2003, государственный регистрационный знак В 079 НР. модель ЗМЗ 410400, двигателя № 30034079, кузов № 22060030212857,

Стартовая цена – 22 000 рублей.

Числится на балансе АМР «Ботлихский район»

- **ЛОТ№5** Автомобиль ГАЗ 31105, год выпуска 2004, государственный регистрационный знак Е 492 КА. модель двигателя 40620D, № двигателя 43079147, кузов № 31105040017587, Стартовая цена – 15 300 рублей. Числится на балансе МБУ «Редакция районной газеты Дружба».
- **ЛОТ№6** Автомобиль ВАЗ 212140, год выпуска 2009, государственный регистрационный знак М 370 ОМ. модель двигателя 21214, № двигателя 9276643, кузов № XTA21214091921943, Стартовая цена – 61 000 рублей. Числится на балансе АМР «Ботлихский район»
- **ЛОТ№7** Автомобиль ВАЗ 212100, год выпуска 2009, государственный регистрационный знак М 944 ОМ. модель двигателя 20214, № двигателя 9304862, кузов № XTA213100A0102970, Стартовая цена – 60 000 рублей. Числится на балансе АМР «Ботлихский район»
- **ЛОТ№8** Автомобиль TOYOTA Corolla, год выпуска 2008, государственный регистрационный знак М 130 ОМ. модель двигателя 1ZR, № двигателя 0300326, кузов № JTNBV58E60J040614, Стартовая цена – 207 000 рублей. Числится на балансе Финансового управления АМР «Ботлихский район»
- **ЛОТ№9** Автомобиль ГАЗ 3102, год выпуска 2008, государственный регистрационный знак К 700 НР. № двигателя 108800261, кузов № 31020080167095, Стартовая цена – 61 000 рублей.

Числится на балансе УО АМР «Ботлихский район»

- **ЛОТ№10** Автомобиль ГАЗ 3102, год выпуска 2008, государственный регистрационный знак К 277 МЕ, модель DOHC, № двигателя 121800238, Стартовая цена – 45 000 рублей.

Числится на балансе АМР «Ботлихский район»

- **ЛОТ№11** Автомобиль ВАЗ 2123 CHEVROLET NIVA, год выпуска 2006, государственный регистрационный знак К 761 КА, двигателя № 0145738, кузов № 0134589, Стартовая цена – 30 400 рублей. Числится на балансе АМР «Ботлихский район»

Информация о приватизации указанного имущества также размещена на сайте http://torgi.gov.ru

Юридические и физические лица, желающие участвовать в аукционе, могут обратиться с письменными заявками в отдел по управлению муниципальным имуществом и землепользованию администрации МР «Ботлихский район» в течение 30 дней со дня опубликования настоящего объявления. Участники аукциона должны внести залог в размере 10% от стартовой цены.

**Справки по телефону 2-23-25 в рабочее время.**

**Начальник отдела Х. Хайбулаев**

*спорт- спорт-спорт*

## ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ЧЕМПИОНАЛЛЪУН РАХЪАНА

8-9 июналда Ахты росулъ рукIана 1999-2000 соназ гьарурал лъималазда гьоркьоб эркенаб гугариялъулрахъалъДагъистаналъулчемпионат. Гьеб тадбир тIобитIана Республикаялъул лъай кьеялъулгун гIелмабазул Министерствоялъ.

Нилъер районаздаса гьеб чемпионаталде



ун вукIана 27-28 маялъ нилъер районалда тIобитIараб зоналияб турниралда тIоцересел бакIал ккурав 15 спортсмен. Амма гьезие киназегогуроресщваравкъецазулъгIахьаллъизе. Тохтурзабазул комиссиялъ нилъер щугониги речIчIухъанасе гьукъана ургуялде рахъине. Бугониги, нилъер спортсменаз рихьизарурал хIасилал квешал ккечIо. КIиго речIчIухъан вахъана Дагъистаналъул чемпионлъун: Расулов МухIамад-42 кг. Микрорайон (тренер ХIасанов), Насибов Насиб-50 кг. АнсалтIа (тренер ГIабдулаев), 32 кг. цIайиялда Болъихъа Аминов ГIалимирзаца (тренер ГIалимирзаев) ккуна кIиабилеб бакI ва 35 кг. цIайиялда АнсалтIаса ГIабдулаев АхIмадица (тренер Лабазанов) ккуна лъабабилеб бакI. Гьел хIасилал дагьалги лъикIал рукIинеги бегьулаан, амма тохтурзабазул хIукму хисизабун бажаричIо ва нилъер лъикIа-лъикIал спортсменал хутIана къецазулъ гIахьаллъичIого.

Баркула спортсменазда ва гьезул тренеразда бергьенлъаби, гьарула щулияб сахлъи ва битIккей.

## НИЛЪЕР КОМАНДА ИНЕ БУГО АНАПАЯЛДЕ

Буйнакск шагьаралда 3-5 июналда тIобитIана школлъималазда гьоркьоб «Президентские состязания» ТIолгороссиялъул спортивиял къецазул Республикаялъулаб этап. Гьениб гIахьаллъи гьабуна 6-7 классазул лъималаздаса гIуцIараб микьго районалдаса командабаз. Гьел ккола зоналиял этапазда бергьенлъи босарал командаби. Нилъер районалдаса гьел къецазулъ гIахьаллъана зонаялда бергьенлъи босараб РахатIа школалъул команда ва лъабго нухалъ тIатIалаго республикаялда тIоцебесеб бакI ккураб АнсалтIа школалъул командаги.

Къецал тIоритIана 4 номинациялда: «Многоборье», «Теоретический конкурс», «Творческий конкурс», «Встречная эстафета».

ЛъикIаб хIадурлъигун рачIун рукIана къецазде киналго командаби. Исанаги лъабго номинациялда тIоцересел бакIал ва «Творческий конкурсалда» кIиабилеб бакIги ккун ракIчIараб бергьенлъи босана ансадерил лъималаз гьел къецазулъ. 5-27 сентябралъ гьеб командаялъ гIахьаллъи гьабизе буго Анапаялда тIобитIизе




бугеб ТIолгороссиялъул къецазулъги.

Гьелъие хIадурлъизе жеги гIезегIанго заманги бугелъул, лъикIал хIасилал нилъер командаялъ рихьизариялда божилъиги буго.

*Л. ЛАБАЗАНОВ,*
*АнсалтIа спортшколалъул директор.*



*БетIерав редактор ГI. ГIумаханов*